**Ana tili hám ádebiyatı (qaraqalpaq tili hám ádebiyatı) magistratura qánigeligi**
**2-kurs**
**«Paremiologiya» páni**
**juwmaqlawshı qadaǵalaw sorawları**

1. Paremiologiya degenimiz ne?
2. Til biliminde paremiologiya termini neshe túrli mánide túsiniledi?
3. Parema, paremiya hám paremiologiya túsiniklerin anıqlawda, izertlewde qanday ilimiy kóz-qaraslar bar?
4. Paremiya hám paremiologiya terminleri qaysı ilimpazlar tárepinen paydalanıldı?
5. Naqıllardı, jańıltpashlardı, aytımlardı, jumbaqlardı yaǵnıy xalıq awızeki dóretiwshiliginiń kishkene kólemli shıǵarmaların folklorshılar ne dep ataydı?
6. Folklortanıw ilimi naqıl-maqallardı qanday birlik sıpatında izertleydi?
7. Ayırım alımlar folklordıń barlıq kishi janrların, sonıń ishinde, qaysıların paremiya boladı dep esaplaydı?
8. Naqıl-maqallar folklordıń kishi janrlarınıń biri sıpatında ádebiyattanıwdıń folkloristika, al onıń til ózgeshelikleri til iliminiń qaysı tarawında izertlenedi?
9. Qaraqalpaq naqıl-maqalları qaysı tarawdıń izerlew obyekti esaplanadı?
10. Naqıl degenimiz ne?
11. Maqal degenimiz ne?
12. Naqıl hám maqallardıń bir-birinen parıq qılıwshı qanday ózgeshelik tárepleri bar?
13. Qaraqalpaq tilindegi naqıl hám maqal sózleri qaysı tilden kirip kelgen?
14. Sońǵı waqıtları naqıl-maqal ataması ulıwmalastırılıp, qanday termin menen júritiledi?
15. Paremiologiyanıń qanday bólimleri bar?
16. Paremiya qaysı tilden alınıp, qanday máni ańlatadı?
17. Paremiologiyanıń folklordıń kishi janrların, sonıń ishinde, naqıl-maqallardı xalıq arasınan jıynaw, jazıp alıw, bastırıp shıǵarıw menen baylanıslı bólimi ne dep ataladı.
18. Qaraqalpaq tili menen genetikalıq jaqtan jaqın bolǵan qazaq tiliniń paremiologiyalıq sózligi qaraqalpaq tili paremiografiyasınıń ayrıqsha tabısı sıpatında jarıqqa shıqtı. Bul sózlikti dúziwde qaraqalpaq tilshi ilimpazlarınan kimler qatnastı?
19. Naqıl-maqallardıń xalıq arasınan jıynalıwı, toplastırılıwı máselesine baylanıslı kimniń salmaqlı miynetleri atap kórsetiledi?
20. Qaraqalpaq til bilimde naqıl-maqallardıń tili boyınsha dáslepki izerlew jumısları kimniń miynetleri menen baylanıslı?
21. Qaysı ilimpaz naqıl-maqallardıń frazeologizmnen ózgesheliklerin ilimiy tiykarda anıq kórsetip beredi?
22. Naqıl-maqallardıń bir tillik túsindirme sózligi kim tárepinen islep shıǵıldı?
23. Qaraqalpaq tilindegi paremiyalar qanday xizmetlerdi atqaradı?

24. Ózbek til biliminde qaysı ilimpazdıń miynetlerinde paremiyalardıń sinonimiyası ilimiy jaqtan analizlengen, ózbek tiliniń sinonim paremiyalar sózligi dúzilgen?
25. Qaysı ilimpaz gónergen sózlerdi 12 toparǵa bólip qaraydı hám olar qanday?
26. Qaraqalpaqlarda burın «jámaǵayin» ataması qollanılǵan. Bul qanday mánisti ańlatadı?
27. Qaraqalpaq tilinde áje sózi neshe túrli mánide qollanıladı hám qanday?
28. Paremiyalarda áje sózi qanday túrinde qollanılǵan?
29. Paremiyalar tilinde qaysı úy haywan hám jabayı haywan atamaları qollanıladı?
30. Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqalları tilinde qollanılǵan ornitonimler qanday mazmundı sáwlelendiriwde jumsaladı?
31. Naqıl-maqallar tilinde dánli egin atamlarınan qaysıları ónimli qollanıladı?
32. Qara úyge baylanıslı ilimiy maǵlıwmatlar kimlerdiń miynetlerinde sóz etiledi?
33. Naqıl-maqallar tili sózlik quramında qanday buyım atamaları ónimli paydalanıladı?
34. Qaraqalpaq paremiyalarındaǵı ólshem birlikleri qanday túrlerge bólip úyreniledi?
35. Házirgi qaraqalpaq tilinde sózler qanday usıllar tiykarında jasaladı?
36. Naqıl-maqallar tilinde qaysı usıl arqalı jasalǵan dórendi sózler troptıń basqa da túrleriniń xizmetin atqarıp keliw menen birge, stilistikalıq figuralar dúziwde de ónimli paydalanıladı?
37. Kimniń shıǵarmalarında naqıl-maqallar hám frazeologizmler menen jeke-avtorlıq frazeologiyalıq birlikler birigip, qarısıp ketkenligin kóriwge boladı?
38. Elliptikalıq hám pleonastikalıq qubılıs degenimiz ne?
39. Naqıl-maqllardıń til ózgesheliklerin izertleytuǵın taraw ne dep ataladı?
40. Ayırım jaǵdaylarda til iliminde folklordıń kishi janrların qanday termin menen ataw ushırasadı?
41. Til ilimindegi sońǵı izertlew baǵdarları menen usıllarına sáykes tilde ózine tán ózgesheliklerine iye qaysı birlikler jeke birlikler sıpatında bólinip shıqtı?
42. Paremiologiya qaysı ilim tarawları menen baylanıslı?
43. Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqalları qanday leksika-tematikalıq toparlarǵa ajıratıladı?
44. Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqallarında diniy mánige iye qanday leksikalıq bilikler ushırasadı?
45. Milliy sport túrleri dep atalatuǵın qaysı milliy oyınlar Oraylıq Aziya, Altay hám Sibirdegi túrkiy xalıqlardıń folklorındaǵı palwanlar jarıslarınıń dástúriy túrleri esaplanǵan?
46. Qaraqalpaq tilindegi ólshem birlikleri kim tárepinen toplanǵan?
47. Qaraqalpaq naqıl-maqallarınıń komponentlik qurılısında úy tutınıw buyımları atamalarınan gónergen sózler qatarına kirgen qanday atamalar ushırasadı?
48. Qaraqalpaq tilindegi úy tutınıw buyımları kim tárepinen izertlendi?
49. Qaraqalpaq naqıl-maqalları tilinde gezlemeniń qanday túrleri ushırasadı?
50. Naqıl-maqallar tilinde qurılısı jaǵınan qanday sózler úlken orın iyeleydi?